**दिन–सोमवार** **दिनांक–06.07.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

राज्य सरकार आब आम लोकक शिकायत केर त्वरित समाधान लेल सभ मासक दोसर मंगल कँ पटना मे राज्य स्तरीय सहयोग शिविर आयोजित करत। एकर शुरुआत चौदह जुलाई सँ मुख्यमंत्री सचिवालय परिसर स्थित संवाद भवन मे होयत। ई विशेष शिविर ओहि आवेदक लोकनिक लेल होयत, जे जिला स्तर पर आयोजित सहयोग कार्यक्रम मे शिकायत दर्ज करयलाक बादो समाधान सँ संतुष्ट नहि छथि। शिविर मे चयनित आवेदक लोकनिक शिकायत सभक समीक्षा मुख्यमंत्री स्तर पर कयल जायत। आवेदन सहयोग पोर्टल केर माध्यम सँ ऑनलाइन कयल जा सकत। आवेदक अपन पहिने सँ दर्ज आवेदनक रेफरेंस नंबर आ मोबाइल नंबर केर माध्यम सँ ओटीपी सत्यापन कऽ आवेदन प्रक्रिया पूरा कऽ सकैत छथि। चयनित आवेदक लोकनि कँ शिविरक तिथि, समय आ आन आवश्यक जनतब एसएमएस केर माध्यम सँ पठाओल जायत। बेसी जानकारी हेल्पलाइन नंबर एक एक शून्य शून्य केर माध्यम सँ लेल जा सकैत अछि।

---

पटना जिलाक बांकीपुर विधानसभा सीट केर उपचुनावक लेल अधिसूचना जारी होयबाक संगहि नामांकनक प्रक्रिया आइ सँ शुरू भऽ गेल अछि। प्रत्याशी तेरह जुलाई धरि नामांकन कऽ सकताह। चौदह जुलाई कँ नामांकन पत्रक जाँच होयत। नामांकन वापसीक अंतिम तिथि सोलह जुलाई अछि। मतदान तीस जुलाई कँ होयत। ओतहि, वोटक गिनती तीन अगस्त कँ होयत। ध्यातव्य अछि जे भाजपा अध्यक्ष नितिन नवीनक इस्तीफाक कारणेँ एहि सीट पर उपचुनाव भऽ रहल अछि। एहि सीट लेल जन सुराज पार्टी प्रशांत किशोर कँ अपन प्रत्याशी घोषित कयलक अछि। ओतहि, राष्ट्रीय जनता दल रेखा गुप्ता कँ अपन उम्मीदवार बनौलक अछि। भाजपा आ आन दल सभ दिस सँ जल्दिए प्रत्याशीक नामक घोषणा कयल जयबाक संभावना अछि।

---

राज्य सरकार सोलहम वित्त आयोगक अनुशंसा पर राज्यक ग्राम पंचायत सभ मे सभ घर सँ सालाना बारह सय टाका टैक्स वसूली कैँ लऽकऽ विरोध दर्ज कयलक अछि। पंचायतीराज मंत्री दीपक प्रकाश कहलनि जे ओ पंचायतीराज मंत्री लोकनिक लेल आयोजित कार्यशाला मे एहि फैसला कैँ बिहार सन राज्यक लेल शिथिल करबाक माँग कयलक अछि। पटना मे संवाददाता सभ सँ गपशप करैत ओ कहलनि जे फैसला जारी रहबाक स्थिति मे हुनक कोशिश होयत जे लोक सभ पर एकर भार कम पड़य।

————————————————————

राष्ट्रीय परीक्षण एजेंसी –एनटीए राष्ट्रीय पात्रता सह प्रवेश परीक्षा, नीट–यूजी परीक्षाक फीस वापसी लेल बैंक खाताक विवरण अपडेट करबाक समय सीमा एहि मासक सात तारीख धरि बढ़ा देलक अछि। सोशल मीडिया पर एक पोस्ट मे, एनटीए सूचित कयलक कि जे उम्मीदवार लोकनि अपन बैंक खाता विवरणक पुष्टि कऽ देलक अछि, हुनका लोकनिक लेल रिफंड प्रक्रिया शुरू भऽ गेल अछि।

————————————————————

भारतीय जनसंघ केर संस्थापक डॉ. श्यामा प्रसाद मुखर्जीक आइ एक सय पच्चीसम जयंती अछि। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी डॉक्टर मुखर्जी कैँ श्रद्धांजलि अर्पित करैत हुनक साहस, राष्ट्रवाद आ निस्वार्थ सेवाक शाश्वत प्रतीक जनौलनि। श्री मोदी एकटा आलेख मे कहलनि जे डॉ. मुखर्जीक जीवन अखंड भारतक लेल हुनक अटल प्रतिबद्धताक प्रमाण अछि। गृह मंत्री अमित शाह डॉ. श्यामा प्रसाद मुखर्जी कैँ श्रद्धांजलि अर्पित करैत कहलनि जे ओ राष्ट्रक एकता, अखंडता आ सांस्कृतिक राष्ट्रवादक प्रबल समर्थक छलाह। पटना स्थित भाजपा प्रदेश मुख्यालय मे एहि अवसर पर आयोजित कार्यक्रम मे पार्टीक प्रदेश अध्यक्ष संजय सरावगी, संगठन महामंत्री भीखू भाई दलसानिया आ सांसद रविशंकर प्रसाद समेत कतेको वरिष्ठ नेता लोकनि डॉक्टर मुखर्जी कैँ श्रद्धांजलि अर्पित कयलनि।

————————————————————

मानसूनक सक्रियता सँ प्रदेशक बेसीतर भाग सभ मे बरखाक परिस्थिति बनल अछि। मौसम विभाग सँ भेटल जनतबक अनुसार अगिला चारि दिन धरि राज्य मे बरखा होयबाक पूर्वानुमान अछि। विभाग काल्हि कटिहार आ किशनगंज जिला मे अत्यधिक भारी बरखा

जखनकि बांका, भागलपुर आ पश्चिम चंपारण जिला सभ मे भारी बरखाक चेतावनी जारी कयलक अछि। एम्हर, पछिला चौबीस घंटाक दरमियान भागलपुर मे सभ सँ बेसी सैंतालीस दशमलव आठ मिलीमीटर बरखा रिकॉर्ड कयल गेल।

———————————————————————

समस्तीपुर जिलाक रोसड़ा थाना क्षेत्रक भिड़हा मोड़ लऽग एकटा ट्रक केर चपेट मे अयबा सँ ऑटो रिक्शा सवार दू गोट महिलाक मृत्यु भऽ गेलनि जखनकि दस आन घायल भऽ गेलाह। ओतहि, भोजपुर जिलाक बिहिया–बिहटा स्टेट हाइवे पर एक तेज रफ्तार ट्रैक्टर केर अनियंत्रित भऽ कऽ पलटि जयबा सँ चालकक मृत्यु भऽ गेल। दोसर दिस, दरभंगा जिलाक बहेड़ी थाना क्षेत्र मे तेज रफ्तार चारि चक्का गाड़ीक चपेट मे अयबा सँ मोटरसाइकिल सवार एक युवकक मृत्यु भऽ गेलनि जखनकि दू आन गंभीर रूप सँ घायल भऽ गेलाह।

अररिया जिलाक बैरगाछी थाना क्षेत्र अंतर्गत एनएच तीन सय सत्ताईस–ई पर पुलिस वाहन जाँच अभियानक दरमियान एक कार सँ भारी मात्रा मे शराबक संग दू गोट तस्कर कैँ गिरफ्तार कयलक अछि।

———————————————————————

समाप्त